



# Miami-Dade County Public Schools

giving our students the world

**Superintendent of Schools**  
Alberto M. Carvalho

**Miami-Dade County School Board**

Dr. Solomon C. Stinson, Chair  
Dr. Marta Pérez, Vice Chair  
Agustin J. Barrera  
Renier Diaz de la Portilla  
Dr. Lawrence S. Feldman  
Perla Tabares Hantman  
Dr. Wilbert "Tee" Holloway  
Dr. Martin Karp  
Ana Rivas Logan

20 Novanm 2009

Chè Paran oubyen Gadyen:

Akòz pitit gason-fi w, gen konpetans limite ann Anglè, li te patisipe nan pwogram "English for Speakers of Other Languages (ESOL)" (Anglè pou Moun ki Pale Lòt Lang). Gouvènman federal bay Lekòl Leta Miami-Dade County fon "Title III" pou ede elèv ki gen konpetans limite ann Anglè vin gen konpetans ann Anglè, devlope siksè akademik nan nivo wo ann Anglè, e satisfè menm defi akademik estanda yo espere pou tout elèv nan Florid satisfè.

"No Child Left Behind" (Okenn Timoun Pap Ret Dèyè) mande pou kontwole distri lekòl ki resevwa fon "Title III" yo pou wè si yo satisfè twa nan sa ki ap suiv yo "Annual Measurable Achievement Objectives (AMAO)" (Siksè Mezirab nan Objektif Anyèl) pou moun ki ap aprann Anglè. Nan Florid, yo itilize "Comprehensive English Language Learning Assessment (CELLA)" (Egzamen Evalyasyon Konpreyansif Moun ki ap Aprann Anglè) pou evalye konpetans nan lang Anglè e yo itilize "Florida Comprehensive Assessment Test (FCAT)" (Egzamen Evalyasyon Konpreyansif nan Florid) pou pèfòmans akademik.


- AMAO 1 → Pwogrè nan akizisyon lang Anglè ki baze sou CELLA
- AMAO 2 → Pwogrè nan pousantaj elèv ki vin gen konpetans ann Anglè ki baze sou CELLA
- AMAO 3 → Pèfòmans nan reyalizasyon siksè akademik estanda ki baze sou FCAT

Lèt sa a se pou enfòmasyon sou AMAO yo ou ka vizite paj Entènèt Depatman Edikasyon Florid la nan <http://www.fldoe.org/aala/amao.asp>. Pou w aprann plis sou pwogrè pitit ou nan akizisyon lang Anglè oubyen kòman ou ka vin patisipe plis nan lekòl yo, ou ka kontakte direktè lekòl ou a oubyen Dtè. Joanne H. Urrutia, Direktris Administratif, Divizyon Edikasyon Bileng ak Lang Mondyal nan 305-756-2902.

AMAO	2007-08		2008-09	
	Dade	Pousantaj Distri Florid ki satisfè kritè	Dade	Pousantaj Distri Florid ki satisfè kritè
AMAO 1	W	59%	W	66%
AMAO 2	W	42%	W	47%
AMAO 3	N	0%	N	9%
<b>SATISFÈ TOUT KRITÈ "Title III" AMAO yo</b>	<b>N</b>	<b>0%</b>	<b>N</b>	<b>9%</b>

Nn Pou plis enfòmasyon sou AMAO yo ou ka vizite paj Entènèt Depatman Edikasyon Florid la nan <http://www.fldoe.org/aala/amao.asp>. Pou w aprann plis sou pwogrè pitit ou nan akizisyon lang Anglè oubyen kòman ou ka vin patisipe plis nan lekòl yo, ou ka kontakte direktè lekòl ou a oubyen Dtè. Joanne H. Urrutia, Direktris Administratif, Divizyon Edikasyon Bileng ak Lang Mondyal nan 305-756-2902.

Sensèman,



Alberto M. Carvalho  
Sipèentandan Lekòl yo

AMC:Imm  
L642